



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 18 desanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPO FLOTE ADEMI MA POU ONORE MEMWA TWOUPÈ CUNNIFF**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mande pou drapo sou bilding gouvenman yo flote ademi ma jou kap jedi 19 desanm lan pou onore Twoupè New York State Police, David W. Cunniff.

Twoupè Cunniff te mouri madi apre li te blese grav nan yon aksidan machin ki te rive ayè oswa sou New York State Thruway.

“Mwen pa gen mo pou m dekri jan nou gen lapenn pandan n ap deplore lanmò trajik Twoupè Cunniff,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Li te sèvi popilasyon eta sa ak bravou ak kouraj, epi li kite nou twò bonè. Onon tout Nouyòkè, mwen voye kondoleyans sensè bay moun Twoupè Cunniff yo epi nou pral bese drapo yo sou bilding gouvenman yo jedi sa pou onore memwa li ak sèvis li.”

Twoupè Cunniff se moun Duanesburg, NY epi li kite dèyè madanm li, Amy, ak de pitit gason, Caleb ki gen 6 lane ak Zachary ki gen 4 lane. Li te genyen 35 lane. Twoupè Cunniff te yon veteran ki pase nèf lane nan New York State Police. Li te travay nan Twoup B ak G epi li te manm ansyen Executive Services Detail nan New York State Capitol. Li te afekte nan Twoup T nan mwa fevriye 2009.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418